# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

सारदीय नवरात्र आजु से सरधा भक्ति अउर हसी खुसी के साथे सुरू हो गइल हौ। आजु भिन्नही से प्रदेस भर के सक्ति पीठन अउर देवी मंदिरन में सरधालुअन क भारी भीड़ उमड़ रहल हौ। लोगि आपन घरों में कलस बइठा के पूजा अर्चना सुरू कइ चुकल हवे। आजु से सारदीय नवरातन के पहिला दिन्न मॉ भगवती क पहिला रूप माता शैलपुत्री क अराधना कइल जा रहल हौ। मसहूर सक्तिपीठ विंध्याचलधाम क माता विंध्यवासिनी मंदिर पर बितल आधा रतिए से नवरात्र मेला सुरू हो गइल हौ। सरधालु उहां पहुंच के माता क दरसन कइले के बाद मेला क आनंद ले रहल हवे। नेपाल क सीमा से लागल बलरामपुर जिला के देवीपाटन सक्तिपीठो पर दरसन पूजन बदे सरधालुअन क भारी भीड़ लागल हवे। येह में पड़ोसी देस नेपाल से आइल सरधालुओ सामिल बाटें। बनारस के दुर्गा कुण्ड के सथहीं कइ गो देवी मंदिर अउर अयोध्या के बडी देवकाली, छोटी देवकाली, जालपा देवी अउर पाटेश्वरी देवी मंदिरो पर दरसन अउर पूजन बदे सरधालुअन क तांता लगल हौ। गोरखपुर जिला में मॉ तरकुलहा देवी मंदिर अउर बुढ़िया माई मंदिर के अलावे महराजगंज जिला के आद्रवन में लेहड़ा देवी मंदिरो में सरधालु पूजा अरचना खातिर पहुंच रहल हवे। एकरे सथहीं दुर्गा पूजा उत्सवो सुरू हो गइल हौ। दुर्गा पाण्डालन में एक ओरि जहवां सजावट के आखिरी रूप दिहल जा रहला हौ ओही पूजा अरचनो सुरू हो गइल हौ।

**********

सारदीय नवरातन के पावन मउका पर प्रदेस के कइ गो जिला में मिसन सक्ति अभियान चलावल गइल। अभियान में महिला लोगि अउर लइकनिन के चौपाल अउर पुलिस क पाठसाला लगा के नारी सुरक्षा, नारी स्वालंबन अउर नारी सम्मान खातिर जागरूक कइल गइल कइ जगहिन पर महिला ससक्तिकरण बदे जागरूकता रैलियो निकारल गइल। अमरोहा में पुलिस अधिक्षक कुंवर अनुपम सिंह पुलिस क पाठसाला लगा के महिला लोगिन के महिला सुरक्षा संबंधी सरकार क सेवा क जनकारी दिहलें। फर्रूखाबाद में सज्जो थाना में बनावल गइल एन्टी रोमियों टीम क ओरि से रैली निकारल गइल अउर महिला लोगिन के महिला ससक्तिकरण खातिर जागरूक कइल गइल। उन्नाव में एन्टी रोमियो टीम अउर महिला बीट अधिकारी महिला लोगि अउर लइकनिन के आपन सुरक्षा अउर साइबर अपराध से बचाव क जनकारी दिहलें।

**********

नवरातन परव सुरू भइले के सथहीं प्रदेस के करीब सज्जो जिला में रामलीला क मंचन का सिलसिलो सुरू हो चुकल हौ। येही क्रम में लखनऊ के ऐशबाग क रामलीलो आजु से सुरू हो चुकल हौ। मानल जाला कि ई देस क सबसे पुरान रामलीला हौं। एकर सुरूआत श्रीरामचरितमानस के रचइता तुलसीदास कइले रहले। आयोजन समिति क अध्यक्ष हरिशचन्द्र अग्रवाल बतउलें कि येह रामलीला चौउदह अक्टूबर के खतम होइ। बारह अक्टूबर के दसहरा परब के दिन्ने रावण वध क लीला आयोजित होइ।

**********

प्रदेस के मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा ओनतीस अक्टूबर से सुरू होखे वाला मतदाता सूची विशेष संक्षिप्त पुनरीक्षण अभियान अउर होखे वाला विधानसभा उपचुनाव क तइयारी क जायजा लेवे बदे आजु आयोध्या पहुंचले। ओहां के अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के बतउलें कि प्रदेस में खाली विधानसभा सीटिनि पर सात दिसंबर से पहिले उप चुनाव करवा लिहल जाइ। एकर तैयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क लोकप्रिय रेडियो कार्यक्रम मन की बात के आजु दस बरस पूरा हो गइल हौ। दुइ हजार चउदह में अजुवे के दिन्ने श्री मोदी आकाशवाणी पर येह कार्यक्रम के जरिया से देस वासियन के साथे अपने विचार साझा कइल सुरू कइले रहले। कार्यक्रम के दस बरिस क यह यात्रा में प्रधानमंत्री खास सामाजिक सांस्कृतिक पर्यावरण संरक्षण अउर सामान्य व्योवहार जइसन विसयन पर अपने विचार रखले रहले। मन की बात कार्यक्रम प्रधानमंत्री अउर आम लोगिन के बिच्चे बातचीत क एगो मजबूत जरिया बन चुकल हौ।

**********

अमरोहा के गजरौला में मन की बात रेडियो संग्रहालय के गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रिकॉर्ड में दरज कइल गइल हौ। येह संग्रहालय में अलगि–अलगि माडल क एक हजार दुइ सौ सनतावन रेडियो सेट संरक्षित बाटे। येह में सबसे छोटहन तीनि इंच अउर सबसे बड़हन एक मीटर क रेडियो सामिल हौ। संग्रहालय क संरक्षक स्वामी राम सिंह बौद्ध बतउले कि रेडियो क संरक्षण का प्रेरणा ओन्हे प्रधानमंत्री के मन की बात कार्यक्रम से मिलल हौ। प्रधानमंत्री मन की बात कार्यक्रम में येह संग्रहालय क चरचो कइ चुकल हवे।

**********

बलरामपुर में तुलसीपुर क देवीपाटन मंदिर परिसर में कृषि सूचना तंत्र के मजबूती अउर किसानन के जागरूकता कार्यक्रम के तहत पांच दिन्न ले चले वाला किसान मेला क आजु से सुरूआत भइल। मेला के पहिला दिन्न लोगिन के श्री अन्न क लाभ अउर अलगि–अलगि कृषि तकनीक क जनकारी विशेषज्ञ दिहले। ई किसान मेला सात अक्टूबर ले चली।

**********